




Vizite www.irs.gov pou ou
konnen plis



Ou ap pran chans ou? Pa rate yon èd finans.



Pou ede moun yo pandan pandemi an, Sèvis Revni Entèn nan (Internal Revenue Service, IRS) bay avantaj fiskal, ak pwogram espesyal.

Moun ki kalifye yo kapab reklame yon **Kredi Ranbousman Rekiperasyon**

🇺🇸 lè yo fè deklarasyon enpo 2020 yo a. Yo ka jwenn yon pi gwo ranbousman fiskal oswa yo ka dwe pipiti si yo pa t benefisye tout oswa yon pati nan premye oswa dezyèm Peman Enpak Ekonomik yo a. Yo ap tou konsidere otomatikman, moun kalifye ki fè yon deklarasyon enpo 2020, pou twazyèm peman an.

Moun ki gen pwoblèm finans yo ka kalifye pou **Kredi Fiskal sou Revni yo**

🇺🇸 **Rantre** lè yo fè deklarasyon enpo yo.

IRS gen **opsyon peman** pou sila yo k ap batay pou peye taks yo.

🇺🇸 Kèk moun kalifye pou **opsyon preparasyon taks gratis.**

🇺🇸 Gaye nouvèl la. Kèk moun – espesyalman sila yo ki pa fè yon deklarasyon

🇺🇸 enpo – ka pa reyalize yo kalifye pou peman relans yo. Yo ka fè yon deklarasyon enpo 2020 pou yo jwenn tout peman relans yo kalifye pou yo a.